

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon M. Sahari - Bogor Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan M. G. Kartaatmadja Tjiamis. Diawa wetan: Bestuur Tiabang Pasoendan. Soerabaja.

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoeun dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Soekapoera.drukkerij Tasikmalaja.

<b>LANGGANAN.</b> 3 sasih . . . . . f 1,50 Dibayar ti pajoen. Salambar 15 sen.	<b>Redactie:</b> Heerenstraat 31. <b>Administratie:</b> Stationsweg 33 Tasikmalaja.	<b>Redakteur:</b> <b>SOETISNA SENDJAJA</b> <b>AIMAWINATA</b> <b>Redakteur di Batawi</b> <b>SOERADIRADIA.</b>	<b>Directie:</b> Bestuur Pasoendan Tasikmalaja Administrateur: <b>K. MARTAKOESOEMA.</b>	<b>Angaos ADVERTENTIE:</b> 1/16 kardia f 2,— } 1/32 " f 1,25 } Sakali moeat. Langganan langkoeng mirah.
--	--	--	--	--

### Nikreuh deui.

Katempoehan koe bonggan! Bonggan boga minat pipiloeun, Kitoe soteh sate-ngah kapaksa, tina roemasa loba ka-toena: keur hengkler teh sagala mintoel: parang mintoel, patjoel mintoel. Mana ngan sakitoe boektina.

Keur satadi anekohan teh rek djadi pangeprak tjireumis bae, ngarah menak-menak rada seneng haleumpangna.

Tapi ieu koeuwuh-henk euweuh noe noeterkeun. Keur tjiptaan tadi waktos balamoran dina ngabaluduh mani katjupta leugendenta menak menak Pasoendan, uengtoen Kaomna. Makoed koering lain menak tjara djoeragan Patih, menak soteh menak oeteukna menak hatena: noe moekti koe pangarti, noe wening ati.

Ari boektina?

Sampoera teuing, teu aja sapiserateun, katendjona mah. Katendjona . . . . . di pasaoe ari euweuh mah noe palinter teh.

Keur kahayang mah djrg. dir. noe ahli wet, mapari bonggolongan hal noe kitoe, djrg. - djrg. doktor, hal ngueroes noe boga roepa panjakit Djrg-Djrg ahli basa tina basa. Saanena saanoeua, sewang-sewang paneda mah.

Tapi . . . . .

Njaeta abong deui, maredit karomed hajang seubeuh sorangan bae. Benerua mah tjing sing aja perolekna ka noe miskin koe pangarti.

Lain koe Panoetan Islam oge geus disaboetkeun elmoeh teh koedoe bae?

Peupeuriheun doenia karena disesepesep, leuleugeur panemo mah atoeah. Anggap minangka djak-t-pitralna. Ti saerang sakeproel salobos oge, matak aja bobokona ari loba noe haat mah.

Ari ieu: djol ti desa, djol ti Goenoeng djol ti kaloearan sakola handap. Noe sarakola loehoer mah . . . . . herr teu hoeloe hoeloeua atjan.

Ti Bandoeng? . . . . . Soewoeng!  
 Ti Batawi? . . . . . Sepi.  
 Noe sedjen mah kome deui.  
 Enja, na iraha atoeah?  
 Dorka, auing noe palinter noe oe-niga!

Ka noe saratia ngabantoe, hatoer nohoen, moegi sing langkoeng ti sasari!  
 Ka noe palinter: hatoer salamet tidoer!

Soet. Sen.

### Ten kampoeng.

Lain hidji, lain doea kontrakan teh noe aja di oerang. Geura di Priangan bae, aja sabaraha? Oenggal-oenggal taon teh noe dikaloearkeun ti Hindia sabaraha malioeneun?!

Sauadjan mimitina ngan Walanda noe ngabogaan kebon teh, tapi biasa bangsa oerang oge toeroeroeti. Boektina ajeuna geus piring-piring bangsa priboeumi noe baroga kontrakan lalutik. Meudjeuhna rek noeroetan oge, da gede hasilna. Atoh nu aja, neudja bangsa sorangan euugkeut-eugkeut make bisa ngitjik noeterkeun. Ati nepi kana balap mah tajjan, kawas rada djaoh keneh. Moen teu salah asa tjan ngadeuge bangsa priboeumi noe ngabogaan pabrik teh. Tapi moe-ga-moe-ga isok baring seopagi bisa nepi kana hanoelan balap.

Dina waktos perang katomporna-keun, teh teh meh teu aja bargana. Tapi kabehdienuakeun nerekel deui, malah waktos ieu geus poelih deui tjara bahara bihari.

Lantaran bangsa oerang mah teu

bisa ngokolakeun noeroetan Walanda lantaran koerang modal, nja daonna didjoel ka pabrik. Patrik-pabrik perloe meulian teh kampoeng, lantaran teu tjoekeup koe ti kontrakanana, malah sawareh mah teu boga-boga atjan kontrakan sorangan, estoe mer-tjajakeun tina beunang meulian-meulian ti bangsa oerang bae woengkoel toeoej dikokolakeun koe pabrik tea.

Lantaran pada hajang loba beubeunangan, meulianana teh paboro-boro. Keur oerang alos noe aja, sabab oerang bisa nahan harga.

Tangtoe pisan beuki lila beuki nake bargana. Noe baroga kebon teh tangtoe leuwih terang. Pala ngarasa sorangan. Ari koering mah ngan beuja, beuja ti djelma djeung tina soerat kabar.

Ditoelis soteh koe koering dina Sipatahoenan, moen bahan katampa mah hajang ngabaluduh, ka noe baroga kebon teh, lantaran nendjo roekoena batoer, kawas moal langgeug loehoer-na harga teh teh.

Ari oerang kapan tjari kaentoe-ngan!

Sarerea oge terang batoer mah dina sagala roepa aja pagoejoebanana. Toean toean kontrak oge boga koempolan sorangan, kapan di Soekaboemi aja „Landbouw vereeniging.” Lain noe oerang eta teh noe batoer.

Tah ajeuna „Landbouw vereeniging” teh keur neangan akal, koemaha sangkan hargana teh kampoeng, njaeta teh noe bangsa oerang tea, oelah mahal.

Kamari ieu, hoelan toekang katomporna-keun kring Landbouw vereeniging di Garoet geus ngajakkeun koempolan maksoedna ngabarempagkeun hargana teh kampoeng. Ti Soekaboemi ngitjikkeun oetoesan, inspektoerna Landbouw vereeniging.

Roepa-roepa noe ngabidjikkenn tarekah pikeun ngareunteutkeun hargana teh kampoeng.

Kahajangna ti Soekaboemi kabeh kontrakan djadi elid. Cenggal pabrik pada boga bawahan ka kampoeng sar-ta ditetepkeun bawahan A teu meunang ngadjoel ka bawahan B. atawa A dilarang meuli ti bawahan B. Hargana ditetepkeun koe pagoejoeban. Djadi bangsa oerang kapaksa koedoe ngadjoel kana harga noe beunang netepkeun itoe.

Tjeuk noe sedjen: akalna kebon teh bangsa oerang noe aja diwewengkon hidji pabrik koedoe disewa pikeun 12 taoneun.

Aja deui noe mere paham, seopaja ngadjoelna make kontrak. . . . .

Tjindekna teu koedoe pandjang di-tjarita, tjoekeup koe njaho jenu batoer geus taki-taki, ngakalan seopaja ngareunteut harga teh kampoeng.

Toeh sakitoe batoer mah rempoej djoekoengna.

Hentoe tjoekeup koe noeroetan ngabonna, tapi koedoe teroes djeuug rempoej djoekoengna.

Oepama oerang lelewodeh, sagala koemaha engke, siga naku engke baloekarna.

Poegeuh ari omongna mah tjenna, lain rek ngaroeksak ka bangsa oerang noe baroga kebon teh, lain ngareunteut-keun hargana noe lain-lain, ngan oentoeng hajang dibagi doea sasatna, tapi lah . . . . . taos sama taos lebah dinjana mah.

Itoe hajang leuwih oentoeng, oerang pon njakitoe keneh. Tapi lamoen kieu galagatna, lamoen itoe ngahidji, oerang paboerentjaj, itoe ngempoej oerang ngisah? Siga koemaha tjing!

Rasa koering perloe „ditioeng me-meh hoodjan” di dieu diterapkeun. Perloe taki-taki ti ajeuna, oelah ka leked, batoer mah geus tjroej rek matjoel!

Rempoej koedoe dilawan koe rempoej!

Matak naon moen arandjeun deui ih njieun koempolan tjara deungeun? Matak naon moen arandjeun nang-toeng sorangan, ngokolakeun sorangan.

Broel ngaroeug, oelah kaleked bisi kahoejjaan!

Atoh nendjo andjeun tjaroekoej, sar-eanng soegan djeung soegan ari loba mah aja teleberanana ka bangsa andjeun noe raripoeh. Noe geus moekti bisa mere gawe, mere boeroeh. Ngan koedoe sapatoetra!

Singkirkeun kasakit teu pertjajaan ka babatoeran teh! Singkirkeun kasakit kadjeun batoer, asal aing. Oelah hajang gede oentoeng sorangan, bisi engke matak tjilaka. Djeung lain kawas deui, tetela ieu mah matakna teh.

Tjing saha noe ngokolakeun? Geu-wat meungpoej tajan ger pisan.

Toeh! djoeragan Atmaprawira, di kabeh koolon, toeh oelah sina noe . . . . . tan.

Koemaha djrg. Atma?

Kade remoe-reboe noe andjeun ngageleter ka Nagri.

Koering  
M. O.

### Onkos Marine \*)

Kahareup mah staats-marine teh bakal kaasoep ka departement van Kolonien (tanah djadjahan), sarta bakal ditetepkeun, seopaja majar ongkos-ongkosna teh sasawangna-sasawangna Indonesia majar marine di dieu. Nagri majar marine di ditoe.

Tapi koe lantaran bisa djadi kapul-kapal Indonesia bisa dikirimkeun ka tanah loer Indonesia pikeun ngadja-ga kekertaanana oerang Walanda, tja Nagri Walanda oge rek miloe majar marine di dieu.

Tjeuk salawat oepama matjana hari ngalaunoe, asa pohara ngeunah, ma-ke diroantoan sagala roepa. Tapi ari dilele-leleik sari goenoeng siho-reug. Teikadang loba sato galakna deui noe baris ngaroeksak sato ingon oerang.

Dianggapna Indonesia teh siga noe merrika, laloejina bisa sakarepisoen; bisa netepkeun sorangan koedoe per-ang atawa koedoe rapih tjindekna bisa netepkeun sakahaiangna. Toerta kapan meh dina sagala roepa oerang mah koemaha tjeuk itoe. Naha kira-kirana kapal-kapal perang teh noe-toet kana parentahan oerang?

Kaperloean saha pangpangna noe koedoe dijajaga koe vloot Indonesia?

Tapi ari njeboet ten adil mah, heu-riin koe letah, da boe enja oerang koedoe miloe majar. Kitoe koedoena, koedoe kitoe adilna.

Ngan oerang moal bisa njeboet aloes, moen euweuh keur ngabandjingeunana. Koe sabab eta tjing koe oerang banding-banding. Oerang bandjingeun djeung dideungeun-deu-nguan.

Geura tjeuk bodja:

Tanah djadjahan-djadjahan Frankrijk ngan saeutik pisan miloeua majar pikeun kaperloean perdjagaan di la-oe. Portugal (Portegis), Djepang, Belgi, Djerman (bareto) teu menta dibantoan majarna ongkos pikeun di laeot. Kabeh ditanggueug koe noe boga bawahan.

Amerika oge nja kitoe keneh. Ma-lah di Filipina mah nja di laeot nja di darat ditanggueug koe Amerika.

Bawahan-bawahan Inggris noe geus boga paparentahan sorangan (zelfes-tuur) Canada, Australie djeung Zuid-Afrika oge miloe majarna ngan saeu-

tik pisan toeroeg-toeroeg teu dipaksa. Hindia Inggris teu boga kawadiban pikeun miloe majar vloot na Inggris: ngan geus djadi kabasaan oenggal taon sak mere 12 malioen oenggal gadjih-gadjih noe pansioen, noe pere-lop dj. dj t. e. jenuh oepama di-bandingkeun djeung kawadibanana, Inggris pikeun ngadja-ga Hindia In-ggris, pohara doet noe sakitoe teh sseutikna.

Ari oerang ajeuna, naha oerang teh koedoe sabaraha majarna? Naha loba, naha saeutik? Kara-kirana mah kawas gede kandjeet doet noe koe doe deustan koe Indonesia teh.

Tjing oepama koe oerang diaandj-keun djeung nagara-nagara sedjen, naha doemangan oerang teh asoep ka koiom mana?

Djeug deui-djeug deui . . . hajoh bae patjeug.

Prako: ari koedoe gepeng mah kawas

Pepetek.

\*) Sakabeh kapal-kapal goeperemen djeung anak-anakna.

### Teu miloe tjampoer. (Non-Cooperation).

Panoengtoen-panoengtoen rahajat di Hindia Inggris - sarerea oge terang-djeung pamarentah Inggris emboeng ngabarempag digawe di roepa-roepa raad, meureun lantaran bosen, sabab kahajang si leutik tara aja noe digoe-goe.

Pergerakan noe kitoe semoe-semoe geus kabawa koe angin topan ka oerang, ka oerang ka dieu. Tjontona lid lid gemeenteraad Soerabaja kala-loear. Oge noe djadi lantaran bosen, doemeh si leutik salawasna aja dina karoejian bae. Ngan eieh djeug e'eh bae, Ana kabeneran dina njetem meunang, si „meunang” diapi orakeun.

Atoeh djadi ti roegi teh ditambahan koe ngangloeh manah lantaran asa di teungtuungan.

Meudjeuhna ari koe bosenna tea mah. Poegeuh kamaloem. Matak hau-djele.

Tapi naha oerang bosen? Koedoe diantep? Naha kira-kirana karasaun koe disoengkeun? Dihenteu-henteu oge oerang teh ngoeungkeun!

Perloe oerang bosen?

Koedoe keuheul, tapi oelah bosen Koedoe inget kana „tjikatjak ning-gang batoer”. Soegan djeung soegan bae, lambat laen aja boeshna.

Asa beuki kome toemaninana, oepa-ma euweuh pisan mah noe naloengtik oerang oge sok aja loek-lieukna ari aja noe neuleukeun mah; leu pe pirakoe teu kitoe. Oepama teu rek pipiloeun, atoeh koemaha. Kahajang mah leug sing saroeuggoeh-soeuggoeh kana mi-lit roepa roepa raad, seopaja oerang bisa nambahau pangaroeh saeutik-eutikenn.

Oepama loeloege-loeloege ngaran-tep, siga koemaha engke beubeuna-nganaua, da ari geus djadi verorde-ting atawa atoeran-atoeran sedjen, di-toeroetan mah koedoe koe sarerea. Mangkauing batoer mah djaha ti boga parabot oeteuk teh, kapan di Tjimahi Tjikcedapateuh oge ngaboegbroeg keur maksu.

Leueus meuheung moen teu tjam-poer teh kana sagala roepana. Kapan ieu mah teu tjampoer kana ngueroes-na, kana parentahua mah koedoe noe roet.

Ajeuna dina miloe tjampoer geus saktien, beuki kome dina heuteuna.

Noe matak tjeuk koering mah, keu-heul meunang, bosen oelah.

Oerang hoedang teh kabourangan

### Ti pipir hawoe.

Basa Soenda djeung Raad Kabopaten-  
 Noe dipake Veislahua vergadering Raad Kabopaten ngan aja doea basa: ma eta basa Malajoe djeung Walanda. Ari Soenda? . . . . .

Ngan dipake dina rerempoejan bae. Malah sawareh bapati mah make bajang basa Malajoe sagala dina ba-harempoejan oge sabab tjenah teu ngannah disaboet Djoeragan Voorzit-ter!

Aja meueusan disaboet toean voor-zitter teu ngeunah bisi aja noe nje-boet, djsim koering, djeung ari Voor-zitter njeboet maneh anoe toetoej „wak-wek” teu ngeunah njeboet dji-sim koering” deuih

Sagala ana ngamimitian nja kitoe toemanoeh, tapi ari dibiasakeun tang-toes moalna koea-kieu. Moal enja bae ngokoh eid koedoe njeboet Dampa-dalem Voorzitter?

Toean A. R. dina Conferentie ka T. Resident tara njeboet Meneer de Resident Voorzitter?

Moen enja bae aja Raad kabopaten anoe make voertaal Malajoe iwal meureun ari Batawi mah, kaitoeug nolas enja ka bangsa katet basa Soenda.

Eukeur mah eukeur diganda, geura eta bangsa Soenda anoe djadi lid Gemeenteraad atawa eraterat sedjen anoe make voertaal b. Walanda lolobana ogekoh teu pati ngomong.

Naon sababna?

Basa eta koedoe keuna, aja dali koedoes malapah gedang ogekoh, (m-schrijven) oepama rek ngedakeun augeun-angen teh niawad-njalakkeun.

Geuning leden Walanda oge oepa-ma rek tegeu-stemmen bae make miju geachte nedeud zegt zoo en zoo maar . . . . . maar . . . . . ngareunah: teh kadengena koe noe teu b. ga raze maksoed Walanda oge.

Koemaha ari Soenda noe bisa b. Walanda tea. Oedjoej - cedjoej Ik ben er tegen, ik kan me met hem niet vereenigen, waar ha je heen haan? Om het? ngomong kalah ka wat is dat - wat is dat - dat wil zeggen ari maksoed djaeh!

Pek Soenda sina Malajoe sanadjan meudjan tina basa walanda oge, tapi koedoe bae rasana Soenda mah katjiri betel begitoe, tetapi sanadjan begitoe saja mah belou akoe. tjarek oerang Batawi tea mah Malajoe Soenda.

Aeh enja, meh bae poho, ti ba-heula diwewengkon Reugaslengkok. Tjabang-oengiu Sedari. Tjkarang ka Pasoendan menta diomean basa Soenda, tah ajeuna waktosna, pek ka dinjah basa Soenda geura pake geura padjoekena.

Di Bogor tangtoe aja boeset, ti-wangkid Tjleboet ka kaler, tapi rata-rata basa noe njelap noe sok di pake di Bd, oepamana pasar baroe koe oerang Bogor mah diganti koe pasar anjar, djadi erweuh halanganana pi-keun make basa Soenda.

Komo tjeuk wangkongan Mang Hadji oge, Kdj. daemna oge dina instalatie ngadjawab koe basa Soenda.

Gelenjoe.

(\*) oelah waka oedjoej-oedjoej hajang ngoedag ka noe geus sakitoe bedana Poegeuh njeoesel koedoe, tapi oelah roesoeh, bisi kalikihen ari roesoeh teuing teh. Toengtoengna broek diek di sisi djalan, ngarasakeun heula ka-njeri. Mana atoeh madjoena? O-lah-regas, bisi peunggis. Koedoe neangan deui rantjatan sedjen.

M. O.

**Balans.**

Milih elid-elid keur Raad Kaboepaten ajeuna geus toetas. Kari me leng beubeunanganana. Naha kira kirana aja arap-arapun atawa euweuh? Naha rahajat teh kaesikeun koe dibere hak milih noe samporet kieu?

Aja belangstellingna kaperloean sareera? Gede, saeutik, euweuh?

Keur Karesidenan Priangan Wetan (ngawengko Galoeh, Soekapoera, Limbangan) eta pertanjaan beunang didjawab koe angka angka.

Rasa koering belangstellingna, sed tina sedeng. Geura:

Kaboepaten	LOBANA				
	Elii noe koedoe dipilih	Kanilat	Kieunan	Suorat sora dina koropak (luas)	Sora noe ter kapate (ongeldig)
Tasikmalaja	15	100	1677	1490	26
Garoe	15	106	1818	1306	7
Tjiamis	9	91	713	650	1
Djoemlah	39	275	3708	3346	34

Lobana kiesman noe milih koering leuwih aja 90% (tina 3708 noe milih 3346).

Lobana noe dikanidatkeun aja 7 kalieun pibisaeanana elid.

Sora noe taja gawena (noe ongeldig) ngan 34. Beunang diseboet meh euweuh hartina pikeun ngamimitian mah.

Noe matak tjek koering ge tadi, sed tina sedeng malah 90% mah lain sed tina sedeng deui; aloes ieu mah. Oepama ditetek sakaboepaten sakaboepaten, Tasik eleh saesap. sabab Tasik ngan 89%, Tjiamis 91%, Garoe meh 92%.

Tapi tina bab "kasomah-moerbaan", tjek koering soteh, Tasik aja di loeher, leuwih tina saerat meunangna ka noe sedjen. Engke di handap ti ngali beubeunanganana milih.

Heg banding-banding!

Kangdjeng toean Resident geus njari-o, sa bisa? partikoelir koedoe loba oetoe saana. Saer andjeunna oelah nepi ka djiga koempoelan negri (maandelijksche Conferentie) koempoelan Raad Kaboepaten teh. Roepa-roepana kapalaj andjeunna laksana ngan di Tasik. Ngan soegan djeung soegan, di Garoe djeung Tjiamis, disareug-soem koe benoemingsrecht. (hak ngabenoem). Malah mandar aja Correctief.

Nilik boekti sajeuna, di Tasik mah asa rada heueuh. Asa enja. Moen teg ngareret ka Bandoeng (noeroet-keun kabarna A. I. D.), tobat asa heuraej. Kade lali! koering njaritakeun djoenggerengna, lain gawena. Djol . . . wadana, djol . . . tjamat, djol . . . wadana deui, djol . . . , tjamat deui!

Batijiing asa ditjekek eureup-eureup, riwa kitoe? \*

Noe kapilih di Kaboepaten Tjiamis: Kiesdistrict Tjiamis: 1 Rd. Wirapermana, Koewoe Oetama.

2. Rd. Koeseomahadi, Djaksa pangsoen Tjiamis.

3. Rd. Koeseomahadi, partikoelir. Kiesdistrict Pandjaloe: 1 Rd. Soeria Legawa, Wadana.

2. Rd. Bratadimalaja, administrator Kontrakan Karet.

Kiesdistrict Kawali: 1 Rd. Rg. Soeriadinigrat, Wadana.

2. Kertadisastra, koewoe Boeni-seuri.

Kiesdistrict Rantjah: 1 R. Rg. Natawijoga, Wadana.

2. R. Joedawinata, Mantri Goeroe Tjisaga.

Noe kapilih di Kaboepaten Tasikmalaja: Kiesdistrict Tasikmalaja: 1. Rd. Kd. Waugsanagara, Djaksa Tasik.

2. M. Soetisna Sendjaja, Mantri Goeroe H. I. B. Pasoendan.

Kiesdistrict Bandjar: 1. M. Har-djoproewite, partikoelir.

2. M. Wangsadikeoseomah, School-opziener.

Kiesdistrict Singaparna: 1. Hadji Adjhoeri (Oeli), partikoelir.

2. M. Kd. Martadisastra, schoolopziener pangsoen.

Kiesdistrict Pangandaran: 1. A. Mangoenidwiria, partikoelir.

Kiesdistrict Manondjaja: 1. Rd. H. Adjhoeri (Oedjoe), partikoelir.

2. M. Kd. Wiriamihardja, Wadana Kiesdistrict Tjidjoelang: 1 Rd. Rg. Soeriakoeseomah, Wadana.

Kiesdistrict Karangnunggal: 1. Rd. Poerwanagara, Wadana.

Kiesdistrict Taradjo: M. Kartawidjaja partikoelir.

Kiesdistrict Tjawi: 1. Rd. Prawiradiredja, M. G. Tjawi.

2. H. Hatomi, goeroe ngadji. Kiesdistrict Tjikatomas: 1 Rd. Anggawinata, Wadana.

Noe kapilih di kabupaten Garoe, Kiesdistrict Garoe: 1. R. Soeriatamadewa, Wadana pangsoen Tjikampok.

2. M. Soekantawidjaja, Secretaris pakoeempoelan Masjawaratol Oelama.

3. Rd. Soeriakartaprawira, partikoelir (oeroet djrg. Wadana kota Bandoeng).

Kiesdistrict Tarogong: 1. Rd. Djajawinata schoolopziener.

2. Sanoesi (Mh. Sn.?) Goeroe H. I. S.

3. Rd. Mh. Enoh, opzichter. Kiesdistrict Baijngbong: 1. M. Rg. Pranawinata, Wadana.

2. Kie Mh. Idjroi, president Djami-atool Hasanah.

Kiesdistrict Tjihatoe: 1. Rd. Wirahadikoeseomah, Wadana.

2. M. Joedadibrata schoolopziener Kiesdistrict Leles: 1 Rd. Rg. Sas-trawinata, Wadana.

Kiesdistrict Bioeboerlimbangan: 1. Rd. Djajamihardja, Mantri Goeroe Vervolg di Pretradjawa.

Kiesdistrict Tjikadjan: 1. Rd. Rg. Bratawinangoen, Wadana.

Kiesdistrict Boengboelang: 1. Rd. Kd. Nawaladiredja, Wadana.

Kiesdistrict Boengboelang: Rd. Kd. Soemadipradja (Wadana?)

Wakil Pameungpeuk teu koedoe dipilih, sabab kanidatna ngan hidji-hidjina (art. 12, lid 1 Stbl 1925 No. 81).

Di Bloeboer Limbangan mimitina noe kapilih M. Joedadibrata. Tapi lantaran andjeunna geus kapilih di Tjihatoe, Bloeboer Limbangan milih deui. Nja djrg. Djajamihardja.

Rada hajang balik deui: naon sababna noe matak lolobana noe kapilih bangsa pagawe Goepereimen? Toeroeg-toeroeg lolobana teh kaom B. B. pisan?

Naha memang enja maranehna noe sadjati-djatina dipertjaja teh?

Atawa pedah koempoelan-koempoelan meunang emboeng tjampoer tea, ternes tjariatjing?

Atawa aja sabab-sabab noe sedjen? Meureun noe maratja Sip. srato-heun, oepama seug aja noe nerang-keun. Noe ti Bandoeng, ti Garoe, ti maana tae! Saha noe Kersa?

**Tina hal moeka tanah.**

Pikeun ngadjaga soepaja oelah aja noe maling tanah (njeun keon at. moeka leuweung teu permisi) dina taon 1874 Goepereimen geus njeun oendang oendang (Ind. Stb. 1874 No. 79) noe maksoedna ngalarang ka orang Boemipoetra tanah Djawa djeung Madoera moeka tanah (njatjar leuweung) moen teu kalawan paidinna nagara. Oge eta oendang oendang moeat katrangan roepa-roepa tjiri (saperti pilar-pilar) atawa tanda wawatesan noe teu meunang diroempak nja kitoe deui tjiri noe djadi wates tanah-tanah toetoroenan (individuuel erfelijk bezitsrecht). Ieu oendang oendang geus diganti koe ajana ordonantie Ind. Stb. 1896 No. 44 sarta dirobah deui koe Ind. Stb. 1896 No. 44 sarta dirobah deui koe Ind. Stb. 1904 No. 416 (tingali Bijb. No. 2963, 4716, 5086 sareng 6745), tapi ieu robahan teu sabaraha njiupangna tina oendang oendang noe geus kaseboet di loeher. Pikeun moeka tanah-tanah di Djawa djeung Madoera, noe kakoe-roeng koe tanah nagara (Staatsdomein), tanah pangangonan atawa tanah ha koelah, oerang Boemipoetra koedoe meunang heula paidin ti noe kapala nagara; ieu idinan biasana make perdjangdjan, jen eta tanah di djero sakitoe waktue (noe geus ditangtoeun) koedoe geus salse dibokana sarta koe doe make tjiri wawatesan tea.

Nja kitoe deui nagara meunang ngajakkeun perdjangdjan sedjen moen ka timbang perloe. Si djelema noe moeka tanah moen geus dianggap tjekoep njoemponan kana sagala perdjangdjan noe geus kaseboet di loeher, meunang ngakoe jen eta tanah hakna manehna, sarta beunang ditoe-roenkeun ka ahilina. Noe moeka ta-

nah kalawan taja idinna nagara, beunang dihoekoem; tapi sanadjan kitoe ieu antjaman teu sabaraha kapakena, lantaran hak moeka tanah di sawareh tempat sok dihoetos koe atoeran kaloeurrahan adat (Adatrecht).

Atoeran noe kieu ajana di Menado (Ind. Stb. 1896 No. 107 Bijb No. 5136) di Poelo Bengkalis (Ind. Stb. 1889 No. 63). djeung di apeling Lombok (res, Bali en Lombok) dina art 6 tina ordonantie Ind. Stb; 1906 No 431.

(Tina Encyclopaedie v. Ned. Indië karangan toean T. J. Bezemer).

**Ponggawa desa.**

Njamboeng karangan djoeragan D. dina Sipatahoenan no. 11 taoen ka 2. Djisim koering, nalika ngadeg keneh perhimpoedan „Mardihardjo“, pakoempoelan pamarentah desa, noe ngadeg di Arjawingoon Tjirebon, parantos ngarang dina soerat kabarna, noe ditjatak koe Soekapoera drukkerej dina taoen 1816, jen sakabeh pong gawa desa, hajang diendjoek ka pangagoeng, soepaja disareakeun ngaranna, pikeun di tanah Djawa kilang bara sa Hindia teh.

Koe margi ngadamel oge sesah ka djalma-djalma noe ahli njaba, mangkaning kapala desa teh sok dihoeroeboeroe pisan koe djalma noe koerang bekel, malah sok djadi njoesahkeun oge ka para ponggawa bangsa Eropa noe ahli pipindahan ka lian kareside-nan.

Geura mangga maranah sakaterang djisim koering, oelah bon sedjen -sedjen pamarentah desa, nadjan loeloe-goen a oge, nja eta kapala desana, warna-warna pisan diseboetna teh, di karesidenan Banten Djaro, di Batawi Bek. di Tjirebon Koewoe di Djawa wetan sareng tengah mah, aja Bekel Panewoe Patinggi, Kapala kampoeng, estoe roepa-roepa pisan. Geura sanes sanes pangkat mah sami bae. Oepas (agent, Koemetir Assistent Wadana) sareng sadjabana sanes bae sapoelo Djawa mah. Doeka di sanes puolo mah, estoe kawas panganggoeran pi-sun toer gawe mah saroea. Doeipi pi-ngaraneunana mah teu roekoem, asal sami bae.

Nja eta atoe! tjik saha noe pika-roenjaeun, pibisaean ngomean nasibna panggawe desa teh seubeuh koe pa-njebot batoer bae, madjal teh senang reu kaontoengan, asa (teu roemasa) Geuning tjek djoeragan Hemb tea mah, dina Sipatahoenan no. 2, saer toean Eugelenberg, madjal teh loe-rah leuwih hade dibenoem, sabab tara salawasna ditoe-roet koe somah noe sok ditoe-roet koe somah noe sok ditoe-roet mah kokolot di desa.

Pudahal lamoen euweuh Loerah di kampoeng djiga naon! Doeka ari moenggoeh di kota mah?

Hadana tae! diorang Hemb, hen teu moepakat kana dibenoem, tjidek na tetep sajeuna bae.

Ngan aja bae arap-arapun koe ro-bahan ajeuna, pedah baris ngideg raad kabupaten tea, soegan bae aja Loe-rah, sa Pasoendan hidji mah!) noe bisa kapilih kana eta lid, sarta aja djalan pikeun oendjoekan oendjoekan ka noe ti pajoen, lian ti ngoeroes ka-peroeran somah djeung nagara teh, bisa djeung aja maksoed pikeun ngomean nasibna ponggawa desa.

S. B. T.

) Langkoeng ti hidji. Noe parantos poegoe di Tjiamis aja doa. Biasana ari noe sok ngabelaan kaperloean masing-masing golongan, pagoejoeban. Handjakal koempoelan pamarentah desa make leungit. Tjing atoeb hoe-dangkeun deui.

**Batjaeun djelema lesang koeras.**

Djaman ajeuna beunang diseboet taja hidji perkara noe leuwih penting salian ti neangan djalan pangopadji-wa keur kaperloean hiroep. Boh si kaeom boeroeh boh si kaeom beung-har tina perkara ieu beunang sapago-dos haloesanana. Koe tina lantaran ajeuna oesoemna oesoem deoit, nja djalan pangopadjiwa teh sok dipou-dokkeun kana ketjap: njari deoit.

Tatapi dina orang keur njari deoit, perloe oge dikanjahoekun koedoe koemaha pihadeunana oerang makena eta deoit, sabab dihenteu-henteu oge ka-merdikaan atawa kabiidjaksanaan oerang teh dina pergaolan hiroep beunang diseboet goemantoeung ka di-nja, atawa terungna pisan nah goeman-

toeng kanapamarana economie.

Lamoen hidji djelema memang roe-masa taja kabiasa, koemaha pihade-unana (koedoena) ngoeroes deoit, nja perloe manehna koedoe diadjar. Malah hadana pisan koedoe ti boebedak diadjarna teh. Diadjar njekel atawa njeungtjelingan deoit, koemaha petana dina makena soepaja di ahir bisa mawa kasenangan ka manehana. Oenggal boedak dibisaekun kana rikrik sarta diadjar nganjahoekun harga deoit, nepi ka manehna njaho enja-enja sabaraha pangadina sarta koemaha pihadeunana noe hade, deoit sak-etip atawa deoit ketip teh, noe kira kira mawa kamangpaatan ka maneh-na.

Lamoen oerang teu ngadjar kitoe ka anak oerang, koemaha pibisaean-na oerang rek boga pangharepan, jen maranehanana di ahir bakal djadi djelema mangarti sarta biasa ngaroo-roes roemah tanggana?

Kabiasaanana di oerang arang djelemana noe (ngarti) enjaan koemaha pihadeunana makena deoit, nja kitoe deui dina neanganana. Hidji djelema noe sadina malarat nepi ka bisa dja-di milliornair, geus njarta, jen dian-tara saratoes djelema paling loba ngan saeokoer tiloe noe dina peroesahana enjaan bisana ngoeroes deoit. Reboean djelema noe nepi ka adjalna loepoet teu bisa ngarasakeun kasna-ngan, loepoet teu boga hakaneun ha-kaneun atjan.

Oerang mindeng pisan manggil djelema noe geus kolot oemoerna atawa noe geus aki-aki, noe geus biasa diga-we atawa balangsiar nepi ka poeloe-han taoen, tapi taja pisan kamadjoe-anana, nepi ka sawareh mah mon-tongboro ngaran beunghar sakalieun keur meuli boeh oge loepoet. Ari sa-babna, kalolobaanana nja eta dina keur ngorana teu bisaean ngoeroes redjekina, atawa moen tjek soedagar bangsa oerang tea mah: „dasar badan sial, aja-aja bae lantaran pidjatoe-hung teh. Beunang dioepamakeun djeung hidji bangkong noe tiktetjempioeng ka soemoer, oenggal-oenggal loentjak rek oenggak ka loehoer, ge-tidjengkat deui bae ka handap.

Pikeun hidji djelema ngora taja hidji perkara noe leuwih gede mang-paetna lian ti diadjar ngoeroes redje-ki ti ajeuna, soepaja diahir, soemawo-na noen geus ngoeroes roemah tangga sorangan (laki rabi) bisa meunang kasenangan. Sabab lamoen ma-nehna teu kitoe bisa engkena katipoe Ari sababna hidji djelema noe teu bisa ngoeroes redjek, gampang dibo-bodona.

Deoit teh beunang diseboet hidji barang noe katjida lesangna. Henteu koerang djelemana noe teu bisa nje-kele deoit pagueuh, malah beunang dioepamakeun njekel deoit teh saroea djeung njerek beloet, koe tina leueur leueurna. Moen oerang koerang ati-ati ngadjagana, sanadjan loket noe pa-geuh oge terkadang bisa dipontjoran Nja kitoe deui teu koerang djelema noe bisa kana ngala deoit, tapi teu bisa ngampihanana. Di sakoerling manehana aja aja bae gogodana teh aja aja bae sababna noe ngadjadikeun kaloearna eta deoit. Malah loba pisan djelema teh noe sok kaberoe koe napsoe, ngaloeurkeun deoit, maksoed-na rek digolangkeun, soepaja meunang kaontoengan gede, di ahir ngarasa handjakal (moen roegi) lantaran kapikir salah ngadjalankeunana. Ha-dana dina perkara oeroesan deoit oerang salawasna koedoe boga sasadia-an (reserve), nja eta ngadjaga di ahir bisa aja koemoram. „Oelah sok ga-gabal kana deoit teuteundeunan,“ tjek para sepoeh noe geus loba kaeo-ningna tina perkara oeroesan deoit mah.

Djelema bodo noe ngadjalankeun-na deoit teu karena make pikiran, sarta noe kutendjo di hareupeun ma-tana (noe ditjipta-tjipta) ngan oen-toeng woengkoel, djelema noe kitoe taupolana salawasna hiroep malah aja dina djero kamiskinan. Geura mangga pikir eta noe kabongroj koe lotre, da poegoeh pangharepan kana f 100.000, meuli noe lima ringgit tea, noe lima welas ketip tea, noe saringgit toeng-toeguna meh kabeh ngalamot tjeroek. Tjoba eta deoit moen diampihan mah, atawa digoenakeun ka noe mangpaet meureun aja kaboeoktihanana. Hidji djelema noe beunghar nja taja matak na njoba-njoba noe kitoe, tapi pikeun djelema noe hiroepna geus soesah, katjida teu hadana teh. Napsoe kana ngadue atawa ngagolangkeun deoit gantjang hajang gede oentoengna sanadjan modalna ngan saeutik, eta

teunang diseboet kabeh ngadjadikeun matak mahrat. Henteu koerang koerang roemah tangga djadi roeksak koe lantaran ieu, henteu koerang koerang djelema di ahir djadi djelema djahat atawa leungit moesna pangadina (ka-horomatnana) koe lantaran salah ngad-jalankeun atawa gagabal dina per-kara deoit.

Hidji djalan pikeun oerang ngami-mitian diadjar njekel deoit noe hade, nja eta koedoe daek tjoeat-tjoeat saeokoer deoit noe katampa djeung noe dikaloeurkeun. Biasana moen oerang geus bisa kana ieu, pikiran gemi ka-na redjek engke sok datang sorangan sababna oenggal poe kanjahoan tambah atawa koerungna redjek teh. Katjida aloesna moen hidji djelema ti boe-boedak dibisaekun kitoe soepaja di ahir henteu djadi djelema oewental.

Moen oerang ningal tjatjampeoran hiroep tjara noe ajeuna kawasna ka-paksa koedoena ati-ati teh, nja eta ati-ati bisa ngadjaga diri sorangan, bisa ngadjaga redjek sorangan, soe-paja hiroep oerang oelah garoeman-toeng ka batoer, sababna hiroep di-tjekoep batoer teh saroea bae djeung ngadjoel kamerdikaan sorangan (lenjepan Vaderlander!)

Aja deui noe koedoe diingetkeun teh, nja eta oelah sok gampang oer-djam-indjeum (ngahoetang), sabab hoetang-pihoetang teh di ahir biasana sok ditoeungtoengan koe roepa-roepa perkara noe katjida teu ngeunahna. Noe haroga pakarangan atawa imuh teu koerang koerang noe kaleungitan pakaranganana atawa imahna lanturau dibeslah koe noe nagih hoetang, malah sawareh mah sok nepi ka diboeina lantaran teu bisa majar. Nja kitoe deui rea pisan djelema noe sa-lawasna hiroep ditapek koe kasang-saraan, lantaran keur ngorana sok resep oendjam-indjeum, toengtoengna djadi kabiasaan, djelema noe kitoe beunang diseboet nalian maneh sae-moer hiroepna. Kalolobaana asalna tina sok ngaladjoer napsoe, saperti maen atawa sabangsanana. Noe matak oerang koedoe pisan ati-ati, peupeu-djeuh oelah rek dimimitian eta oen-djam-indjeum teh (angot bangsanana sapoeloh doa belas mah). Taja hidji djelema noe ngarasa dirina senang moen manehna hiroepna katje-pet koe roepa-roepa hoetang.

Sim koering wawoeh djeung hidji djelema noe tadina asalna mampoeh sarta loba djelema noe pertjaja ka manehna, tapi saenggeusna ngamimitian daek ngahoetang (digolongan perdagangan teu koerang noe kieu, da boga rasa crudietwaardig) sarta di ahir teu kubajar, manehna tilep dina laetan hoetang, malah hiroepna djadi sangsara pisan. Djelema noe saroea kieu lain hidji doa bae, tapi poeloe han terkadang meureun ratoesan.

Aja paribasa „djati kasilih koe djoent“ maksoedna panginten nja eta pribomi kasedekkeun koe semah. Kahajang teh tjing oelah dougi ka kitoea. Atanapi keur ngamimitian kitoe da geuning bangsa oerang teh mani ratjeng ka paserangan. (Caledonie, Deli s. d. t. e.)?

Kawasna lantaran teu bisa njekel ekonomina tea sababna mah. Tjing batoer noe deukeut karodjajan ka diujah!!

**Econom.**

**Samarang postmerk.**

**Samboengan Sip No.**

**Djimat ti karoehoen**

Djadi lamoen oerang ngadjalankeun henteu BENER dina sagala pagawe-an, pasti ngadjadikeun kasoesahan.

Malah soesahna lain noe migawe bae, tapi ka sarerea . . . . .

Naha kasoesahan ka sarerea . . . ? Tjek B. Geura kieu; bisi tatjan kaharti mah. Oepama maneh meuli sam-ping harga f 2,00 eta harga sakitoe teh beunang nawar maeh, malah beunang diseboetkeun moerah bae . . . . .

Toeloej maneh balik ka lemboer, koe batoer maneh ditanja, sabara meuli samping?

Ari tjek maneh f 1,50 Tjek noe na-nja, naha enja?

Ari tjek maneh enja . . . tapi . . . noe matak ngadjawab ngan f 1,50 dina hate boga pikir hajang kapeodji, bisa barang beuli . . . . . Anoe nanja pikirna hajang meuli, toeroeg-toeroeg boetoe koe samping. Ana datang teh ka noe dagang nawar ka ditoe, nawar ka dieu loepoet, henteu meunang (euweuh noe mere) . . . . . ti isok nepi ka beurang teu beubeu-

teunang diseboet kabeh ngadjadikeun matak mahrat. Henteu koerang koerang roemah tangga djadi roeksak koe lantaran ieu, henteu koerang koerang djelema di ahir djadi djelema djahat atawa leungit moesna pangadina (ka-horomatnana) koe lantaran salah ngad-jalankeun atawa gagabal dina per-kara deoit.

Hidji djalan pikeun oerang ngami-mitian diadjar njekel deoit noe hade, nja eta koedoe daek tjoeat-tjoeat saeokoer deoit noe katampa djeung noe dikaloeurkeun. Biasana moen oerang geus bisa kana ieu, pikiran gemi ka-na redjek engke sok datang sorangan sababna oenggal poe kanjahoan tambah atawa koerungna redjek teh. Katjida aloesna moen hidji djelema ti boe-boedak dibisaekun kitoe soepaja di ahir henteu djadi djelema oewental.

Moen oerang ningal tjatjampeoran hiroep tjara noe ajeuna kawasna ka-paksa koedoena ati-ati teh, nja eta ati-ati bisa ngadjaga diri sorangan, bisa ngadjaga redjek sorangan, soe-paja hiroep oerang oelah garoeman-toeng ka batoer, sababna hiroep di-tjekoep batoer teh saroea bae djeung ngadjoel kamerdikaan sorangan (lenjepan Vaderlander!)

Aja deui noe koedoe diingetkeun teh, nja eta oelah sok gampang oer-djam-indjeum (ngahoetang), sabab hoetang-pihoetang teh di ahir biasana sok ditoeungtoengan koe roepa-roepa perkara noe katjida teu ngeunahna. Noe haroga pakarangan atawa imuh teu koerang koerang noe kaleungitan pakaranganana atawa imahna lanturau dibeslah koe noe nagih hoetang, malah sawareh mah sok nepi ka diboeina lantaran teu bisa majar. Nja kitoe deui rea pisan djelema noe sa-lawasna hiroep ditapek koe kasang-saraan, lantaran keur ngorana sok resep oendjam-indjeum, toengtoengna djadi kabiasaan, djelema noe kitoe beunang diseboet nalian maneh sae-moer hiroepna. Kalolobaana asalna tina sok ngaladjoer napsoe, saperti maen atawa sabangsanana. Noe matak oerang koedoe pisan ati-ati, peupeu-djeuh oelah rek dimimitian eta oen-djam-indjeum teh (angot bangsanana sapoeloh doa belas mah). Taja hidji djelema noe ngarasa dirina senang moen manehna hiroepna katje-pet koe roepa-roepa hoetang.

Sim koering wawoeh djeung hidji djelema noe tadina asalna mampoeh sarta loba djelema noe pertjaja ka manehna, tapi saenggeusna ngamimitian daek ngahoetang (digolongan perdagangan teu koerang noe kieu, da boga rasa crudietwaardig) sarta di ahir teu kubajar, manehna tilep dina laetan hoetang, malah hiroepna djadi sangsara pisan. Djelema noe saroea kieu lain hidji doa bae, tapi poeloe han terkadang meureun ratoesan.

Aja paribasa „djati kasilih koe djoent“ maksoedna panginten nja eta pribomi kasedekkeun koe semah. Kahajang teh tjing oelah dougi ka kitoea. Atanapi keur ngamimitian kitoe da geuning bangsa oerang teh mani ratjeng ka paserangan. (Caledonie, Deli s. d. t. e.)?

Kawasna lantaran teu bisa njekel ekonomina tea sababna mah. Tjing batoer noe deukeut karodjajan ka diujah!!

**Econom.**

**Samarang postmerk.**

**Samboengan Sip No.**

**Djimat ti karoehoen**

Djadi lamoen oerang ngadjalankeun henteu BENER dina sagala pagawe-an, pasti ngadjadikeun kasoesahan.

Malah soesahna lain noe migawe bae, tapi ka sarerea . . . . .

Naha kasoesahan ka sarerea . . . ? Tjek B. Geura kieu; bisi tatjan kaharti mah. Oepama maneh meuli sam-ping harga f 2,00 eta harga sakitoe teh beunang nawar maeh, malah beunang diseboetkeun moerah bae . . . . .

Toeloej maneh balik ka lemboer, koe batoer maneh ditanja, sabara meuli samping?

Ari tjek maneh f 1,50 Tjek noe na-nja, naha enja?

Ari tjek maneh enja . . . tapi . . . noe matak ngadjawab ngan f 1,50 dina hate boga pikir hajang kapeodji, bisa barang beuli . . . . . Anoe nanja pikirna hajang meuli, toeroeg-toeroeg boetoe koe samping. Ana datang teh ka noe dagang nawar ka ditoe, nawar ka dieu loepoet, henteu meunang (euweuh noe mere) . . . . . ti isok nepi ka beurang teu beubeu-

nangan da ngan hajang f 1,50 bae tepi ka tjejtjok (parea-rea omong) djeung noe dagang . . . . .

Tah lain matak poesing, lain matak njoesahkeun ka noe sedjen. Kitoe deui moenggoeh noe dagangna, lamoen nga djalankeun henteu BENER, matak dja di karoeakan saperti:

Maloe barang, ngerangan timbangan, ngabobodo harga soelaja tina perdjandjian, meuli beunang barang maling, ngarah ngarimah henteu rido ti noe boga, maksu ka noe meuli, oepamateu bogoh, koedoe bogoh koedoe dibeli bae, njokot bati memeh oentoeng (henteu bisa ngitoeng) gagabah, balangah, orowodol, ngedoel djeung lian ti eta . . . . .

Eta kabeh ditjokot ringkesna bae saroea djeung henteu bener ngadjalankunana . . . . . pasti tereh kana potol (tereh djadi roegi) . . . . .

Koemaha lamoen toekang tadi ngadjalankun henteu bener . . . . . ?

Eta oge saroea bae matak roekrak, matak roegi matak beak ka moending moendingna . . . . .

Koemaha anoe djadi Patoekangan?

Eta oge njakitoe, saperti toekang ngapoet, oepama oerang ngengken sa atel lawon gidrel hedja anoe pang aloesna (anoer nomer 1). Perdjandjian anggeus 10 poe, barang diteang heug 12 poe oepamana, masih tatjan anggeus keneh bae . . . . . tepi ka 20 poe tatjan keneh hae . . . . . tepi ka saboean . . . . . titik-titik keneh bae . . . . .

Saha anoe henteu poesing? Saha anoe henteu keuhul? atawa . . . . .

lawou oerang anoe No. 1 sanggeus oerang balik . . . . . ditoekeuran koe No. 3 (anoer sok moentah) ana geus dikapoet teh, oerang henteu alak ilik kana lawou da poegoe saroea hedjo . . . . . kira-kira geus saminggoe diseseuh, nepi ka tinggal satengahna hedjona, nja-eta moentah tea . . . . . waktoe tadi memeh dibeli perdjandjian ka noe ngadoel lawou lamoen moentah beunang dipoeleungkeun . . . . . Ana dipoeleungkeun teh noe dagangna henteu narima da poegoe noe jagang leuwih paham ti anoe meuli kana barang, tepi ka . . . . . paea . . . . .

Tjing saha noe ngadjadikeun patjektjokan lain toekang ngapoet . . . . . anoe ngadjalankun henteu bener . . . . . Koemaha lamoen kamasan?

Eta oge njakitoe, saperti oerang ngengken ali, ari bakalna EMAS noe pang kolotna oepama 24 karaat . . . . . kari-kari koe kamasan ditjokot (dikarimah) noe beuratna bobot 4 sen, dikarimah bobot sapeser, toeloj ditambahna koe perak anoe bobot sapeser pikeun anoe ngengken, ditimbang deui beuratna, bobot 4 sen bae tetep, ari geus dijieun ditimbang deui, oepama tinggal 3/4 sen basana anoe 1/4 sen mah "soeda" . . . . . koe seuneu . . . . . ari noe ngengken mah teu njahoen dikoea kieuna . . . . . pertjaja bae . . . . . Ana geus dipake saminggoe teh, emas teh semoe bodas (ngore) . . . . .

Toeloj bae koe noe ngengken ditjirian, sarta dibedja-bedjakeun ka hatoerna, oelah rek ngengken ka si A . . . . . N . . . . . OE oerang oge dibobo do . . . . . tepi ka eufweuh noe ngengken . . . . . lila lila . . . . . tepi ka niiskeun hawoe.

Taaah! kitoe toengtoengna, anoe ngadjalankun henteu bener . . . . . matak njalakakeun matak . . . . .

Baris disamboeng Mo. Sa.

### Elmoe ngadamel Advertensi.

Ngadamel advertensi (reclame) dina serat-serat kabar atanapi ditempelkeun di tempat-tempat noe bisa didatangan koe djelema loba, di djaman ajeuna parantos djadi kabiasaan sarta galib di mana mana, malah kenging disebut hidji perkawis anoe

teu kinten pentingna. Penting lantaran advertensi teh djadi hidji djalan pikeun njamboengkeun diantara fabrikant (noe gadoeh pabrik at. peroesahaan) sareng handelaar (soedagar noe mangdjoelkeun at. noe balautik) ka noe mareuli (consument).

Ieu parantos kenging disebut hidji aksioma (katangtoean) noe parantis dihaminan koe oenggal padagang noe enjaan ngartos kana elmoe perlagangan, nja eta elmoening nawarkeun barangna soepaja bisa bakoe, toer ugadatangkeun kaentoengan.

Tapi sanajan kitoe teu koerangkoerang di bangsa oerang noe teu atjan ngartos kana perkawis ieu, atanapi teu atjan terang koemaha pipetaeunana (atoeranana) ari masang advertensi noe sae.

Babakoena pisan oerang oelah poho jenu sawareh djelema (noe bakal pimeulieu sok tara pati pertjaja kama advertensi - advertensi teh. Pikiran maranehanana hidji djelema noe sok njeun reclame teh maksoedna ngan rek ngaroeok doelit woengkoel, neangan kaentoengan koe djalan ngabobodo.

Koe sabab eta perloe pisan didjaga, soepaja angapan noe kitoe teh oelah rek sina katoetoelejan. Ari ngadjanana dina oerangna masang advertensi sing ati-ati. Hidji advertensi (reclame) noe make ditambahan koe omong bohong (moedji-moedji kana barang noe loer biasa) eta katjida awonna, angot moen eta advertensi teh kabatja koe djelema noe pandjang pikirana.

Saena kieu bae:

1. Barang naon noe didjoel.
2. Naon margina noe matak kedah ngagaleuh ka andjeun.
3. Hargana eta barang, sareng ka 4. Adres andjeun.

Eusina eta advertensi tangtos koemaha boektina eta barang. Oepamana hidji soedagar doedoekoej ti Radjapolah rek nawarkeun barangna, saesna njeboetkeun noe 4 perkawis di loehoer teh, heg diimpik-impikan kieu: Hidji djelema noe palaj disebut "every inch a gentleman" tjek oerang Inggris tea mah, kedah nganggogo toedoeng polot kieu, atanapi setrip kitoe, heg oerangna noe djadi soedagar njadikeun naon noe ditawarkeun teh, oelah nepi ka pasalia djeung boekti. Nja kitoe deui doedoekoejna sing aloes nepi ka noe make teh ngarasa ginding sarta mentjraag tjahjaan.

Sadjabana ti eta teu hade moen dina advertensi loba teuing noe ditaritakeun. Moen hidji djelema pasosore saentasna digawe tjape alak-inik kana soerat-soerat kabar, biasana teu sabarana merdoeina kana tjarita noe paratandjang noe njeboetkeun jen barang teu teh kieu-kieu kaaloe sanana, jen barang itoe teh kitoe-kitoe kakoeatanana. Hidji ketjap noe aloes sarta pantos eta biasana leuwih matak narik hate ka anoe maratja teh. Engke dimana perloe barangbeuli nja tara poho ka anoe njeun eta advertensi teh, sababna nja eta ngarasa katarik

koe ketjap-ketjapna.

Advertensi teh lain bae aja goenana pikeun kaom padagang diua keur nawarkeun barangna tapi oge djadi toedoeh djalan ka djelema-djelema noe rek barangbeuli tina sagala kajaan atawa kamodelan-kamolelan noe didagangkeun. Nja kitoe deui tempatna di mana, soepaja noe rek mareuli bisa meunang barang aloes toer moerah.

Soedagar.

### Advertentie druk Economij.

Dina dagblad Keng Po No. 632 18 Sept. 1915, lambaran ka 1 aja advertentia Drukkerij Economij Bandoeng, nawarkeun boekoe karanganana toean Tio le Soei, tapi keketjapanana teh teuing koe garital alah manan koral pokna teh kieu: "Banjak orang doega, bahwa orang Soenda kebanjangan yang bersoewami lebih dari satoe, tapi djika pembatja soeda boeka (boekoe? A. G. P.) Saltima, tentoeah pembatja nanti dapat taos, yang diantara orang Soendapoen ada itoe orang prampoeran yang baroes dipandang tinggi, kerna tjoesma menjinta dan mempoenjai satoe soewami." enz. enz.

Na asa mahi teuing tjarios teh! Eta omongan karena katjida pisan ngahinana ka adresna oerang Soenda nepi ka disangka istri Pasoendan geus kabiasaan oega salaki leuwih ti hidji, teu na asa d'ombar teuing biwir teh, saemoer njoenjoehoen hoeloe oge koering mah tjan (teu) ngadenge teu mauggh, toer sa Pasoendan koe koering geus kadjadjah, sok soemawonna Priangan mah 7 apdelingana geus ngarasa ngandjrokan make aja minggoena malah di sawareh mah make moelanan taenan, tapi baid teu manggih awe-we lakian loba, naha ari Druk. Economij bet maugghian, tina impian kitoe? Deui koering teh asana loba sobat Walanda, Tienghoa, Japan djeung lian oerang asing, tapi teu ngadenge maranehna ngobrolkeun boga sangka oerang Soenda lakian leuwih ti hidji (poelijandrie) Drukk. Economij tjek andjeun "banjak orang doega" saha tea noe boga sangkaan kitoe teh? Atawa ngan doegaan andjeun bae? Oelah banjak ateh ari ngan andjeun bae mah doegau

### Nembe Dongkap!

Boekoe-boekoe basa Malajoe, nja eta:

Kupal Setan . . . . .	f 2.00
Aladin . . . . .	1.25
Ali Baba . . . . .	0.75
Dari hal tanda tanda . . . . .	2.00
Mazappa . . . . .	1.10
Roemah Hantoe . . . . .	1.75
Carmela . . . . .	2.00

sareng rea rea deui.

Mangga tjarakik ka Toko Boekoe L. A. LEZER. Tasikmalaja.

## Dr. TAN TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondioekot Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina

Djr. Dr. Saleh Marboem.

Ngalandongan sagala roepi panjawat maries saban dinten.

Waktosna.

Endjing-endjing 7-9

Sonten 4-5

41

waas deui, sabab plang nendjo ka goe-noeng tjang, sabab tangkal randoe noe gede tea ajeuna mah roengkad djadi teu aja noe ugalalaogan, malah kamari akang balik ti lemboer Kaier ngawiat ku dinja, toeloj ngarandeg rada lila, teu kanjahoan deui tjoeoetjoej tjimata, bet ras kana madjad awak, ras ka Njai . . . . . lah akang teh mani teu oentoepan hiroep lila-lila, sabab taja noe bakal njaah ka diri, nendjo indoeug sakitoe, estoe heuk euweuh ragap taja tea."

"Ah, akang mah geuning bisa bae njarita leuwih ti waas, datangka koe ring oge kabawa katarik, teu njana akang bisa ujarita kitoe." Eta tjarita-

an Endjoem kitoe teh djeung boektina, tjipanonna beueus, taksiran bae enja ingetunana teh kana oerot baroto sangsara, oerot tepeug pada njaah djeung batoer salemoer, babakoena ras ingetun kana dirina, saroea djeung Isna pada njaah ka indoengna ngan Endjoem mah djeung indoeng tege mah teu njaho djadi njaahna teh saeokoer hate bae, noe matak pantos barang Isna njarita ras ka indoengna teh, pikir Endjoem katjida katarikua.

Isua oge teu kawawa, eukeur mah enja ras kana awakua toeroeg toeroeg nendjo Nji Endjoem matak pikawati-reun, ngora-ngora geus diadjar rambaj

## HATOER OENINGA!!!

Pindah tempat woengkoel- moeng kapajoeneunana baé.

## „TOKO-EMPANG”

Stationsweg Tasikmalaja.

Ngawitan sasih September 1925 parantos pindah ka Gedong toko noe anjar palih koelon ngarendeng sareng Hotel Batavia.

Sadjabana sajadi anoe parantos kabiasaan disajagikeun toa, ajeuna sajadi oge roepi-roepi dassie pandjang, dassie pondok, kerah, kaos kaki, kaos tangan, tali kaos, sapoetangan Pantasie, badjoe kaos djala, kamedja, pajama, topi, Petji prijaji nganggo Kroon Letter W, perak atanapi borduur. Kantjing-kantjing Leter W, perak atanapi Nekkel, sajadi noe ageung sareng noe alit, sigaret-sigaret, roepi-roepi pipah sareng bakoua kaloearan Europa, wadiah kerekan (kajoe api) nekel model kaajeunakeun.

Sareng saoes sanesna deui kaperloean Djoeragan djoeragan sareng Toean toean.

Hoermatna

H. M. DJOEWAENIE

## Volksalmanak Soenda 1926.

Pangaosna moeng f 0,80 Nganggo almenak dingding.

Dipapaesan koe pirang-pirang potret.

Para djoeragan anoe teu atjan maresen

Volksalmanak Soenda taen 1926, moegi enggal-enggal ngintoenkeun pesenan tilih kaboedjeng seep.

Anoe mesen ti panjoen, nampina VOKLSALMANAK oge ti pajoen.

BALE POESTAKA

Weltevreden.

## AWAS! OELAH KALIROE.

Kantja-Kantja Awas!

Oesaha Oerang Karangnoenggal (O. O. K.)

Saban dinten ngadjalankun doea Autohus:

Ka I. Karangnoenggal—Tasikmalaja, tempatna di Karangnoenggal Omnibus Fiat.

Ka II. Tjibalong—Tasikmalaja, tempatna di Tjibalong Ford.

WAKTOSNA:

Noe ka I	miesna ti Karangnoenggal taboeh 7 endjing
	ti Tasikmalaja . . . . . 2 siang
Noe ka II	ti Tjibalong ngawitan . . . . . 7 endjing
	ti Tasikmalaja . . . . . 10 siang.
	Mios deui ti Tjibalong . . . . . 1
	Wangsoelna ti Tasikmalaja . . . . . 4 sonten

Hoermatna

Bestuur O. O. K.

SOEDJAJA

Voorzitter,

## IMPLIK-IMPLIK

Nji Djoeminem.

Koe K. M.

Samboengan Sip. No. 15.

(Dirwagel diperik).

"Na nja kitoe kang, hajang teuing ka ditoe, lah iraha ateh, koema eta oerot panganganan baroto. kidoelun Embah naha geus aja tambahna kawaas, da ngan sakitoe akang mah teu bisa njeboet kaauehan devi lian ti waas."

"Lah pendekna akang mah teu bisa njarita deui, nja eta oge matak

tjimata katenjona tambah tegepna leuwih geulisna.

Doea sobat lili pating haroelengna djaraeoh panieunguanana, djarero pikiranana, nepi ka bese ditjaritakeunana.

Lila Isna tatanggahanana bari oedoed nendjoan haseup oedoed natena mah ugoebek neangan pipokkeun, hajang njarita, hajang ugaleiemoe hateua Nji Endjoem anoe keur ka panah.

Nji Endjoem oge teu beda ti kitoe hatena mah hajang pandjang njarita. tapi teu poegoe naon noe koedoe ditjaritakeun, toengtoengna doeloengdoengdeug saperti noe paeh pangharepan.

Lilana eta doea sobat adoe hareupan ti barang noe noetoe sasaid gede indit, nepi ka datang deui toetoeana geus djadi beas harita reket pan-to moeka datang noe noetoe tea bari ngoelang-ngoelang ngebakkeun hajam anoe geus pada ngar ti menta parab.

Nji Endjoem ngoredjat hatena rada tjonghar miloe njieuhkeun hajam anoe mariloe asoep ka noe tas noetoe.

"Lah koemaha Bi, koering teh ieu kadatangan koe doeloer ti lemboer njaritaan kolot gering." Ieu omongan maksoedna pikeun majoesan oerotna tjipauon anoe baridjil.

(Aja samboenganana.)

saja kitoeh ngarah poegoeh oebaraneunana, ieu mah aboug-aboug biwir teu diwengkoeh. Eta ketjap lain bae ngahina kana adreana Soenda tapi oge kana Islam, kapan oerang Soenda teh rata-rata agama Islam, toeh Islam ngalarang kana atoeran kitoeh, naha dikira Islam teh nitah kana teu oeroes?

Koering jakin toean Tjo I. Soei ngarangua eta boekoe lain rek njaritakeun oerang Soenda keunjakian jang bersoemi lebih dari satoe, hidji sangkaan noe matak, ngadjadikeun papaseaan, hidji sangkaan noe ngababoekeun tjeulina Soenda djeung Islam, sabab koering geus wawoeh kana toetoeleisana eta Journalist, moal enja hidji djelema noe sopan njeun pikangwaeun noe lian, sageuj teu ngingetkeun kana martabatna Konigin der Aarde atawa ridder des pencils tapi woer-gkoel samata-mata njaritakeun kasatianana Saltima ka salakina nae munggi-keun indit ka Mekah, moen teu salah koering oge geus matja dina maandblad Lajj P'o asana bareto.

Omongouana Druk Economij pohara gagabaha. Koemaha lamoeu disangkara bidjil tina sanabaria Tioughna keuna ka bangsa Soenda, bisa djadi matak patektjokan bangsa (rasse-nhaat). toeh dina waktoe noe tjara ajena oerang sarerea pada bangsa noe katoeoele; samistina oerang koedoe babarengan pikouu nandungan kana kakoeatan noe mekesek. oelah rasa mekaha pedah teu sapira, toer ari katoeuejan teh tara koe toelang koeda, koe iga moending, biasana oge koe tjoetjok pedah. Dosa noe teu sapira, ahirna matak ngadjadikeun oeroera ka sarerea.

Deuna koe Druk Economij pikir andjeun hiroep di Bandoeng teh koe bantoean oerang Soenda da moal enja special voor oerang asing bae, lam? Ahir-ahir bangsa noe mere kahiroepan andjeun, aderesna diboeboesek.

Lamoeu Druk Economij teu boga maksoed ngahina ka bangsa Soenda, koering menta eta advertentie noe mawa goreng kana adreana Soenda gantjaug ditotah.

Atoech kawarkeun mah neangan deui bae piomongeun noe leuwih narik hate, tapi oelah noe matak njeun-toeg kana ati batoer. Tobat lain ari mapatahan mah, oepamana bae kieu tjontona.

Saltima ada seboeah boekoe tjerita, jang moetoerkan bagaimana seorang prampoean Soenda jang menjintai soemijna, dengau tjinta jang iseli, hingga meskipoen si soemi djaoh dari mata toeh dia tida kena tergoda oleh orang lain; seorang perempuan jang pegang tinggi deradjatnja, jang haroes diboeat toeladan.

Enja masing sarerea oge moal moengkir di Soenda oge loba noe goreng \*) ngan teu oemoem kapan mani soeseleoempoetan sicut kajahon, ari ieu madjar kebanjakau bersoemi lebih dari satoe. Anoe baid teah!

Pasoendan noe ngoekochan nationalisme awas!

Istri Pasoendan! rasakeun tah peuhenna keketjapan dungeun teh, oelah perloe-perloe bae, sakali ngadjedjek diantep, toeloena ngaloeloh djaman ajenna mah. Noe matak koe-koe bisa doakeun aka rek madjoe ngadaga kahormatan, noe bakal diatoer-atoer tapi koedoe.

A. Ganda Prawira.  
\*) Lain di Soenda bae, tapi di oenggal bangsa noe goreng mah sok aja bae!

Red.

**Pikiranun.**

ti

A. Ganda Prawira.

Nembe ajenna koering bisa loemantoeing deui ka medan pers, kitoeh oge ari ka Sipatahoenan mah nembe nintjak, moega moega bae sing aja djodo boemetah mindeng nepungan, soesoeganaan koe Redactiena teu disteuhkeun ari margina edas koe repot naker. Gantjungna mah oelock sulau ka sadaja, mangga ajenna oerang moeka gembolan, ih geunung ieu aja soerat tamba boengkoes ko-ong teuing, keun oerang aboeskeun ka post Sipatahoenan sina kabutja koe gedreseerdena, is ti istri geuning ieu soerat teh.

Kahatoer djeng raka Djoeragan Nonoman Pasoendan.

Sareng hormat miwah kabonegan. Teu aja sanes noe diadjeng-adjeng moegi engkang kersa ngamanah kana

ieu pioendjoe abdi, malah sajakto-na mah senes pilajakeunana abdi njeratan kieu da noe bade ditjaros keun teh kawadjaban engkang pribados.

Sering pisan abdi matja serat kabar kaom Sanah noe teu kinten matak ngerikna, hate doegi ka asa digeribau ras ka bangsa oerang geus sakieu lawasna woewoeh asa diloelech hoeloe bae, teu aja pisan dihenanana, toengtoengna boeboehan lute awewe bati ngageret keuhel doegi ka tjoemalimba, tina ngaras teu aja saloechaneun. toer teu kirang para nonoman di Pasoendan teh noe mendjehna sinatria pantes moen djadi panglima mandjeng kana melan dalalaga ngareboet hak oerang noe dikokewek koe deungeun-deungeun.

Ala samboenganana.

**KABAR.**

Tina s. k. Walanda.

R. M. Wipato meuzang eksamen Groot notaris.

Toean Voute voorzitter sterrewacht (tempat nendjo bentang) di Lembaga geus ditang. Kijker keur sterrewacht boelan Mei 1926 bars angetus.

Djoeragan Dwidjosewojo lid Volksraad koe Hoofdbestuur Boedi Oetomo teu dianggap deui djadi wawakil B. O. di Velksraad.

Vergadering Labourpartij (partij ka-oem boeroeh) di laggis geus antoe-toep. Mac Donald njarta, jen poeltiekna Labourpartij ajenna katjota koeatna, leuwih sautos ti batan bareto.

Serangan Prantjjs di Marokko ajenna eureun sakaudeung Oerang Prantjjs oegogel perangna.

Toean Visser Lid Tweede Kamer di Nederland narja ka Pamateutah koe isan. perkara paleseconferentie ngatarempoegkeun hai communisme, ngatarang aja vergadering di Sourarung waktoe pagawo Prauwenvoer djeung toekang njitak marogok, perkara ditangkepna Darsono djeung Moeso djeung perkara tek naboeng djero wewengkon (interneting) Anmin.

**PASOENDAN.**

Di Soehang sareng di Bgor ngoe-ping wartos parantos ngawatu ngadegkeun Tjatang P. soendan. Noe loba, teres kedah kitoeh: Koemaha di Garoet, di Tjandjoer sareng Soemedang, geuning teu aja bae waktoe.

Taoen 1926 bejana bakal aja padjeg bedil f 6, sataoe, sarta padjeg pestol f 10, sataoen. Padjeg mureu res dileungitkeun.

Di New York (Amerika) aja 500 Tioughwa ditangkep lantaran sok njeun ribot silih pebah. Aja 106 noe teu boga pas tjatjng di Amerika. Eta djelema bakal dikaloeatkeun ti Amerika.

**KOROPAK**

Djr. S. Tjiblanarik karangan katampi, nanging moal diboeatkeun. Autosan bae engke oge aja tos maros kaajaan di desa andjeun.

A. 2.

Eere diploma ti Groot Tentoonstel-

ling Tasikmalaja. 1925

**Koek - en Banketbakkerij**

Fabriek

**RADEN NATAMIHARDJA**

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti sajadi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleuetna noe sampurna.

Sareng tiasa ngital kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, klosirna sareng keimbangna oge, panga os kenging badanteu.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajakto-na, dina 1 liter timbangan pangzos f 2.50 doegi ka f 5— ditanggal sae.

Noe ngantos

**Raden Natamihardja.**

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

**TOKO**  
**Universeel Agentschap**  
**NIC MULLER**  
**TASIKMALAJA**  
**Goenoengladoe No. 15**  
**Telefoon No. 26.**

Roepi roepi oehar oebaran sapertos:  
Landong njeri tool  
Landong soepados tiasa koelom  
Pil koeras manis  
Landong panas ungoeun moerangkali  
Landong intjok  
Sabon ungoeun kasawat koelit  
Landong noe lembek salira soepados djagjag

Landong gohoj sareng mengi  
Zelep boelao komeug sareng uodas  
K mpa pinareup  
Wetak roepi toepi  
Pel njejejan  
Landong njeri kahampangan  
Castor olie noe diboeogkoes  
Creoline, Karbol  
Kompas istri  
Landong njeri benteung tadjam  
Oehar kokoloteun  
Landong angkeng  
Kain karet No. 1.  
Landong kiat ka . . . ?  
Landong kaktian moerangkali soepados montok

Limoen pergasi  
Landong paranti moeragkeun boeloe kelek

Oehar rahent  
Oehar paranti dikoeramas  
Oehar toembla  
Landong kaktian salira  
Perban perbanan, kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelen badjeu atanapi kau kaid roepi roepi watan.  
Mode, mo-rah, alies.  
Mangga lebet ka toko.

Noe ngantos  
**Nic Muller.**

**E. SOELEIMAN**  
**Balng Gedeweg No. 5 Bandoeng**  
Ngoeroes sagala perkawis Civil sareng Crimineel di Landraad. Residentie Gerecht. Raad Agama. Mangdamelkeun rekst sareng memoeri ka Raad van Justitie. Onkos tiasa badanteu.

**TOKO en DRUKKERIJ**

Pasoendan Tasikmalaja.

Nampi saniskanten padamelan, ngitjal wawatjan anoe pareuting anoe maroenel, sapertos:

- B. tara Rama, kenging disehat poesaka oerang dina dangding basa sareng tjariosna, karangan R. Anggarata Boeljangga Soenda . . . f 0.50
- Ardjoenawidjaja, penting ensina, basana, margaloejena . . . f 2—
- Mintaraga Ardjoenawidjaja penting oehkeun . . . f 0.50
- Pergwa Pergiwati penting moal aja noe bireuk . . . f 0.35
- Atoeran hal onwetrige Occupatie (tauh mentah teu sjah) . . . f 0.25
- Pangaljaran Agama Islam (pangatoeranana) . . . f 0.35
- Wet perboeroean . . . f 0.60
- Noe pesen leuwih ti 3 boekoe oogkos vrii.

Djoeragan<sup>2</sup> sareng sadere<sup>2</sup> oelah kabelokan, moal aja noe bireuk, moal enja benteu oeninga, ka Pasar baros Tasikmalaja. Pilara bae dina roangan No. 1 Los letter B. didinia aja waroeng GENDONG (bangkelan) anoe parantos kasohor kamirahanana sareng marodel barangna mangga seumping saban dinten oge boeka di adjeng<sup>2</sup> pisan.  
Hoermatna  
**Mh. SATIBI**

**SIK DJOEN KWAN**  
**TUFKANG GIGI**  
**Tjhideunggede No. 23 Tasikmalaja.**  
Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di deunja palaj hiroep sareng sareng kasehatan, dina barang toeng kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hel barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeng eta sajakto-na nambihan oelam, ten karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoe ka lebet doegi ka kadjudian njeri waos sareng koropok.  
Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeleung koe ahina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napas kana barang toeng sareng sanes-sanesna. Teu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.  
Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagkeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggal.  
Nja kitoeh deui njajagkeun waos palseo, poslen, toelang, perak, emes saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngalipkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koo-margi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.  
Njajagkeun deui panon palseo, oelah salempang.  
Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen boljo.  
Anoe ngantos pesenan a saroeumpingna  
**SIK DJOEN KWAN**  
Sarimbit.

**TAN HOEN AUW**  
Toekang pasang gigi sareng panon palseo ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaros Tasikmalaja.  
Adres anoe mirah padamelan ditanggal sae.  
Dina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roe oelam salabingna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njajagkeun sakomaha katoeanganana anoe kasawat waos, anoe mawi kedah dijajagi ti samemehna.  
Ajeuna sim koering njajagkeun saniskanten landong anoe koemaha bae, na kitoeh deui ngadaga soepados salamina waos sehat bereska, tiasa dijajagi koe landong sim koering.  
Fara Istri djoeroesna koe njonja. Mangga saroeumping.  
Hormat noe ngantos ngantos  
**TAN HOEN AUW**  
Pasarbaros 59 Tasikmalaja.

**Awas! Awas! Awas!**  
**1. Volksalmanak Soenda 1926 pangaosna f 0,80**  
**1. Wawatjan Ardjoenawidjaja . . . f 1,--**  
Ongkos reimbours kedah nambah deui . . . f 0,65  
Oepami ngintoenan postwissel f 2,-- eta 2 roepi boekoe bade dikintoen franco koe:  
**TOKO BOEKOE TJIKIRAJ SOEKABOEMI**

**HEALTH IS BETTER THAN WEALTH**  
Insja Allah tanggoeng baik dan mandjoer obat-obat dari Hindoestan.  
Noe nawis di handap ieu nerangkeun ka para djoeragan sadaja, jen ajenna sim koering parantos moeka toko obat tina saniskanten panjawat.  
Meneh ka noe sanes mangga tjaroelan heula ka sim koering atanapi luh kirang mental ti noe sanes mangga seumping ka toko obat-simkoering, nanggul dirawat sae sareng njeuangkeun. Nanggul teu kedah dibelek (operatie) sim koering tiasa ngadamagseun saniskanteu kasawat anoe maten.  
Ka anoe kirang mampoeah asal aja katrangan ti dir. Wadana atawa Controleur, tiasa kenging landong pertjoemah. Salamna njajagkeun landong koe djaan reimbours.  
Nampi panjawer ka boemi anoe palaj diparios, kasawat koemaha bae.  
**Nami obat sareng harga.**  
1 Batoek mengi f 5.— 2 Batoek gangsa f 2.50 3 Batoek biasa f 1.— 4 Pegel hinoe f 2.50 5 Sakit mata f 1.— 6 Mata lamoor f 2.50 7 Sakit perot f 1.— 8 Sakit kalingsir f 2.50 9 Sakit sakit badan f 2.50 10 Me-djen f 1.50 11 Saleema f 1.— 12 Sakit kapala f 1.— 13 Sakit tadjam f 1.50 14 Obat tjatjng f 1.— 15 Bisool f 1.50 16 Penjakit koening f 2.— 17 Sakit sekaler f 2.— 18 Rieut djangar f 1.50 19 oehar kokoloteun f 1.50 20 hoes koelit f 1.50 21 pondjangan rambot f 1.50 22 ngalangkeun rambot f 1.— 23 obat gati f 1.— 24 radang f 2.— 25 roepa roepa rahent f 2.50 26 oehar panon beurnan f 1.— 27 oehar ngaweresihan f 1.— 28 njeri parindikan f 2.50 29 njeri gigir f 2.50 30 njeri saekoes boekoe f 2.30 31 njeri oerat oerat f 2.50 32 kahgata f 2.— 33 njeri tjangkeng f 2.— 34 njeri tjenu f 1.— 35 koerang sare f 1.50 36 senel angen f 1.—  
Obat bikin pemoe dan obat bikin koeroes ada sedia.  
Obat penjakit jang djahat djahat sedia.  
Hormatna  
**Toko Obat dari Hindoestan**  
**FAZAL MOHAMAD**  
Stationsweg Tasikmalaja  
N. B. Saja tida ada orang jang keiling, kalau maoe beli obat obat dateng sadja di Toko.